

AGUERO KONT NOVA SOUTHEASTERN UNIVERSITY, INC.

NIMEWO DOSYE CACE18028483

REKOU KOLEKTIF

SELON ÒDONANS FINAL KI APWOUVE REGLEMAN REKOU KOLEKTIF LA, KI GEN LADAN ONORÈ AVOKA, FRÈ, AK PRIM ANKOURAJMAN

Pati ki Abandone a, ki gen ladan ki gen ladan dirijan aktyèl ak ansyen dirijan, direktè, anplwaye, avoka, eritye, egzèkityè testaman, administratè, ajan, reprezantan legal, antrepriz pwofesyonèl, patenarya, benefisyè ak siksesè yo, men sèlman nan mezi reklamasyon yo soti nan reklamasyon Manm Gwoup yo (ansanm, "Pati ki Abandoe yo"), dwe renonse epi voye jete tout reklamasyon, ki gen ladan tout deklarasyon, dwa, ak dèt sou nenpòt fòm, tankou men gen toujou, aksyon, reklamasyon, egzijans, kòz aksyon, obligasyon, domaj enterè, dèt, frè, onorè avoka, abitraj, pèt byen, jijman, rekonesans dèt, dwa privilèj ak pèt sou nenpòt fòm, sous oswa nati kit se rezilta lwa federal oswa lwa eta a, kit yo konnen kit yo pa konnen, kit yo afime kit yo pa afime, kit nenpòt Pati ki Abandone afime nan pwòp non pa li oswa nan non nenpòt lòt moun oswa antite, ki rive nan Dat li an Vigè oswa anvan Dat li an Vigè, kit se nan kontra, fòmèl oswa enfòmèl, deli, an dwa oswa ann ekite oswa ki soti nan nenpòt lwa oswa règleman oswa selon nenpòt lwa oswa règlemantasyon, pou rezon, ki soti nan, oswa nan nenpòt mannyè ki gen pou wè ak nenpòt nan fè, zak, evènman, tranzaksyon, bagay ki rive, konpòtman, pratik komèsyal, reprezantasyon, mankman, sikonstans oswa lòt kesyon ki gen pou wè nan nenpòt mannyè ak Pwosè a, oswa yo abòde nan Akò sa a, kit nenpòt Pati ki Abandone te kanpe fèm sou reklamasyon sa a nan pwòp non pa li oswa nan non lòt moun yo ("Reklamasyon yo Abandone" a) kont Akize Nova Southeastern University, Inc., ak nenpòt nan benefisyè, predesèsè, siksesè, afilye, sosyete mè, filyal, konpayi yo kontwole, konpayi asirans, anplwaye, dirijan, direktè, administratè ak ajan ki ansyen, ki la kounye a epi k ap vini (ansanm, "Pati ki Abandone" yo; yo ka rele Pati ki Abandone a ak Pati ki Abandone yo "Pati" yo).

Pati ki Abandone a aksepte nan mezi maksimòm lalwa otorize pou yo pa fè pwosè ni kolabore nan depoze oswa pousuiv nenpòt pwosè oswa pwosedi, nan okenn fowòm sou baz oswa ki gen pou wè ak nenpòt Reklamasyon yo Abandone kont nenpòt Pati ki Abandone.

Entansyon Pati yo se pou Akò sa a elimine tout risk ak responsablite anplis Pati ki Abandone yo genyen ki gen pou wè ak Reklamasyon yo Abandone yo. Pa konsekan, yo dakò pou Tribinal la mete nan Òdonans ak Jijman Final la yon Dispozisyon Òdonans Bawo konsa:

Sof si yon tribinal ki konpetan oblije sa, yo pase Pati ki Abandone yo lòd pou yo pa janm: (i) depoze, tanmen, pousuiv, entèvni, patisipe nan okenn avantaj oswa resevwa okenn avantaj nan okenn pwosè, abitraj, pwosedi administratif oswa reglemantè oswa òdonans nan okenn jiridiksyon sou baz nenpòt oswa tout Reklamasyon yo Abandone kont youn oswa plizyè Pati ki Abandone; (ii) angaje, òganize manm gwoup yo pou yo vin jwenn manm gwoup yo, chanje yon pledwaye oswa mande patisipasyon manm gwoup yo nan nenpòt aksyon oswa abitraj, tankou men gen toujou yon rekou kolektif yo di yo fè, nan nenpòt jiridiksyon kont youn oswa plizyè Pati ki Abandone sou baz nenpòt reklamasyon, ki enplike

oswa entegre, dirèkteman oswa endirèkteman, nan nenpòt Reklamasyon yo Abandone; epi (iii) depoze, tanmen, entèvni, patisipe nan nenpòt avantaj oswa resevwa nenpòt avantaj nan okenn pwosè, abitraj, pwosedi administratif oswa reglemantè oswa òdonans nan okenn jiridiksyon sou baz yon deklarasyon ki di aksyon Pati ki Abandone yo, ki konfòm ak dispozisyon Akò a, vyole dwa nenpòt Manm Gwoup.

Tout moun yo di ki se, ki te, ki te kapab, oswa ki ta kapab ko-otè, ko-konplotè oswa ko-debitè avèk nenpòt oswa tout Pati ki Abandone ki respekte nenpòt oswa tout Reklamasyon yo Abandone yo, nan mezi maksimòm lalwa otorize epi sof si yon tribinal konpetan oblije li, gen entèdiksyon pou yo pa janm fè, etabli, tanmen, pouswiv, patisipe nan okenn reklamasyon oswa kontinye nenpòt reklamasyon, reklamasyon ant akize, reklamasyon ki depase, aksyon, oswa pwosedi, nenpòt jan yo rele li, kèlkeswa akizasyon, done, lwa, teyori oswa prensip yo baze sou li yo, nan Tribinal sa a oswa nan nenpòt lòt tribinal, kont tout Pati ki Abandone nan sa ki konsène nenpòt oswa tout Reklamasyon yo Abandone, tankou kontribisyon ki ekitab, an pati, ki konparatif oswa konplè, dedomajman, endamnite, oswa yon lòt manyè kit se nan kontra, dwa komen oswa lwa, ki soti nan oswa ki gen pou wè nan nenpòt manyè ak Reklamasyon yo Abandone yo. Yo entèdi, abandone, elimine, anile, rezoud tout reklamasyon sa yo epi yo rann yo vin pa aplikab nan mezi maksimòm lalwa otorize, epi yo pa ka ni kòmanse, kenbe ni pouswiv ak okenn reklamasyon konsa kont okenn Pati ki Abandone.

Nova Southeastern University, Inc. (“NSU”) rezève dwa li genyen pou l pouswiv nenpòt dèt li di Manm Gwoup yo dwe NSU akoz peman yo dwe epi yo dwe NSU. Manm Gwoup yo kenbe tout defans yo ka genyen konsènan dèt yo, eksepte yo ka pa kanpe fèm sou yon defans oswa yon kont-klamasyon ki baze sou Reklamasyon yo Abandone yo. Dèt nou sot site pi wo yo pa fè pati Akò sa a. Anplis, NSU rekonèt epi li di nenpòt epi tout dèt ki soti nan swen ak tretman yo bay pasyan an swen òtodontik nan klinik lan nan moman NSU renonse ak zafè Rekou Kolektif sa a, epi NSU retire obligasyon sa yo sou do manm gwoup yo.

Siyati: _____

Dat: _____

Ekri Non ak Lèt Detache: _____

Relasyon ak Pati ki Renonse a se yon Minè ki gen Mwens pase 18 lane:
